

## **RESISTENSI SLAMETAN NEPTU DENING WARGA KELURAHAN BENCE, KECAMATAN GARUM, KABUPATEN BLITAR**

Reddy Fusuma Novanto

Pendidikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[reddynovanto16020114041@mhs.unesa.ac.id](mailto:reddynovanto16020114041@mhs.unesa.ac.id)

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si

Pendidikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[sugengadipitoyo@unesa.ac.id](mailto:sugengadipitoyo@unesa.ac.id)

### **Abstrak**

Slametan neptu ingkang wonten Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar menika minangka salah setunggalipun upacara Jawi wonten bab nyurteni diri. artikel menika ngunderaken wonten upados citasi, presentasi, lan performansi ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar. Kanthi underan kasebat, saged kangge madosi tataranipun resistensi slametan neptu lumantar maneka warni jinisipun teknik wonten strategi citasi, presentasi, lan performansi ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Asilipun, tataran resistensi wonten RT 2-RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar kalebet sedhengan kanthi persentase 71,17% kanthi jinisipun citasi wonten tiga, inggih menika afirmasi, ambivalensi, lan rejeksi. Jinisipun presentasi, inggih menika permanensi lan preferensi. Dene jinisipun performansi wonten tiga, inggih menika mitigasi, rekognisi lan instruksi. Saking tataran resistensi menika, slametan neptu kasil dipuntetepi wonten bebrayan. Kanthi mekaten, slametan neptu kedah langkung dipunkehaken wonten presentasi lan performansinipun, supados mboten cures wonten wekdal tembenipun. Slametan neptu bakal eksis wonten bebrayan selami migunani dhumateng paraga ingkang ngleksanani. Minangka praktik pragmatika kultural ingkang demokratis, slametan neptu mboten saged dipunsambetaken golongan agami tartamu.

**Tembung-tembung wigatos:** *Resistensi, Slametan Neptu, Citasi, Presentasi, lan Performansi*

### **Abstrak**

Selamatan *Neptu* uang ada di Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar sebagai salah satu upacara Jawa didalam bab memelihara diri. Artikel ini mempertanyakan upacara citasi, presentasi, dan performansi yang dilaksanakan warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar. Dengan permasalahan tersebut, bisa digunakan untuk mencari tingkatan resistensi selamatan *Neptu* melalui berbagai jenis teknik dalam strategi citasi, presentasi, dan performansi yang dilaksanakan oleh warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Hasilnya, tingkatan resistensi di RT 2- RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar termasuk cukup dengan persentase 71,17% dengan jinis citasi ada tiga, yaitu afirmasi, ambivanlensi, dn rejeksi. Jenis presentasi, yaitu permanensi dan preferensi. Kemudian jenis peformansi ada tiga,

yaitu mitigasi, rekognisi, dan instruksi. Dari tingkatan resistensi tersebut, selamatan *Neptu* berhasil dipertahankan di masyarakat. Dengan demikian, selamatan neptu harus lebih ditegakan dalam presentasi dan performansinya, supaya tidak hilang di masa mendatang. Selamatan *Neptu* akan tetap eksis dalam masyarakat selama bermanfaat kepada pelaku yang melaksanakan. Sebagai praktik pragmatika kultural yang demokratis, selamatan neptu tidak bisa dihubungkan dengan golongan agama tertentu.

**Kata Kunci:** *Resistensi, Slametan Neptu, Citasi, Presentasi, lan Performansi*

### **Abstract**

The neptu salvation in Bence Village, Garum District, Blitar Regency is one of the Javanese ceremonies in the chapter on self-preservation. This article focuses on the citation, presentation, and performance efforts made by the residents of Bence Village, Garum District, Blitar Regency. With this, it can be used to find the level of resistance of the neptu salvation through the types of techniques in the citation, presentation and performance strategies carried out by residents of the Bence Village, Garum District, Blitar Regency.

The result, the level of resistance in RT 2-RW 3 Bence II, Bence Village, Garum District, Blitar Regency is included in the medium with a percentage of 71.17% with three types of citation strategies, namely affirmation, ambivalence, and rejection. There are two types of presentations, namely permanence and preference. And there are three types of performance namely mitigation, recognition, and instruction. From that level of resistance, salvation can survive in society. Thus, salvation should be more emphasized on presentation and performance, so that it will not be lost in the future. Neptu salvation will remain active in the community as long as it benefits the implementing actors. As a practice of democratic cultural pragmatics, salvation cannot be associated with certain religious groups.

**Keywords:** *Resistance, Neptu Salvation, Cititation, Presentation, and Performance*

### **Purwaka**

Slametan neptu ingkang wonten Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar menika minangka salah setunggalipun upacara Jawi wonten bab nyurteni diri. Upacara ingkang kelebet upacara ritual wonten masyarakat Jawi menika nggadhahi pangajab dhumateng Gusti Pangeran, supados tiyang ingkang mengku kajad saged kalis ing bebaya, luwar saking rubeda, lan nir ing

sambekala. Upacara ritual kasebat kapisan dipunleksanani nalika bayi taksih selapan dinten, salajengipun dipuncakaken saben selapan dinten ngantos seda.

Slametan neptu minangka perangan sistem kapitadosan Jawi lan pepanthanipun budaya Jawi wonten Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar menika saged sinebat kados katranganipun Alexander

(2006:29) minangka praktik pragmatika kultural (*cultural pragmatics practice*) lan minangka perangan segahan budaya utawi perangan performansi kultural (*the element of cultural performance*). Kanthi kalenggahan menika limrah bilih warga tlatah kasebut tansah ngupados tetep emut lan saged ngleksanani praktik pragmatika kultural menika, sinaosa kanthi cara climen arupi tenger jenang sengkala ingkang dipunaturaken tanggi tepalih. Upados warga tlatah kasebat nedahaken bilih slametan neptu tetep dipunkehaken pigesangipun; utawi warga tlatah kasebat tetep ngekahaken pigesangipun slametan neptu, sinaosa budaya Jawi umumipun samenika sampun ngalami ewah-ewahan slaras kalihan pangrembakanipun jaman.

Upados warga tlatah Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar kangge tetep ngekahaken pigesangipun slametan neptu salebetipun ewah-ewahan budaya Jawi slaras kalihan pangrembakanipun jaman menika saged winastan miturut Fluck (1990:11) minangka upados resistensi (*resistance*). Resistensi minangka praktik pragmatika kultural lan perangan performansi kultural miturut Barker (2004:142) kalebet topik ageng performativitas (*performativity*) wonten “kajian budaya kritis” (*cultural studies*). Upados kasebat

saged kalampahan lumantar panyathet utawi citasi (*citation*), pangambal wonten tumindak utawi repetisi (*repetition*), lan pangambal wonten pangecap utawi iterasi (*iteration*) dhumateng paugeran-paugeran ingkang wiwit rumiyin lumampah wonten salah satunggalipun bebrayan.

Wonten bebrayan Jawi Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar resistensi slametan neptu mboten namung kalampahan kanthi upados kados wonten nginggil kasebat, nanging ugi wonten ngleksanani kanthi ajeg slaras kalihan tuntunan para leluhur lan paugeran ingkang lumampah utawi ingkang pantes sinebat presentasi (*presentation*, tandhingaken Alexander, 2006:351). Kejawi menika, ugi wonten ingkang ngleksanani jalaran wonten bab-bab ingkang majibaken. Upados wekasan menika kalebet nyegahaken utawi performansi (*performance*, Manning, 2007:179).

Adhedhasar andharan wonten nginggil, panliten kanthi punjer bab resistensi slametan neptu menika ngunderaken wonten upados citasi, presentasi, lan performansi ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar. Kanthi punjer lan underan kasebat, panliten menika dipunajab ngasilaken konsep lan proposisi ngenggingi

tataranipun resistensi slametan neptu lumantar maneka warni jinisipun teknik wonten strategi citasi, presentasi, lan performansi ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Ginanipun konsep lan proposisi ngengingi tataranipun resistensi slametan neptu minangka asil panliten menika mboten namung kangge nyathet lan ngempalaken (inventarisasi lan dhokumentasi) praktik pragmatika kultural lan perangan performansi kultural, nanging ugi kangge dhasar kawicaksanan rekadaya kultural (*cultural empowering*) nglestantunaken peranganipun sistem kapitadosan Jawi minangka pepanthanipun budaya Jawi ingkang sejatosipun kedah dipunmulyakaken (*venerable*) nanging nyatanipun malah sawangsulipun, dipuncap negatif (*vulnerable*) lan ndadosaken kecalan sahipun sistem seserepan Jawi bab kasebat (*illegitimacy*) (tandhingaken Birchall, 2006:301). Kanthi landhesan ingkang makaten, pramila panliten menika kedah dipunleksanani. Kanthi kaleksananipun panliten menika ateges ugi dipunleksanani aksi demokratisasi kultural (*an act cultural democratization*) kados panegesipun Fluck (1990:11) minangka perangan politik kultural

(*cultural politics*) lan ugi minangka praksis wonten *cultural studies*.

## Metodhe Panliten

Panliten kanthi landhesan teori *cultural studies* menika ngginakaken ancangan panliten kualitatif, amargi slaras kalihan pamanggihipun Pickering (2008:1) bilih *cultural studies* nengenaken werdinipun asil pengalaman (*notion of empirical enquiry*) kados titikan umumipun panliten kualitatif. Menapa ingkang dipunalami dening warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar wonten slametan neptu menika dipunwerdekaken. Karana titikan kasebat pramila panliten menika inggih nengenaken wontenipun andharan kandel (*thick description*) bab slametan neptu dening warga kasebat, kados katranganipun Geertz (2004:vi).

Kanthi landhesan teori *cultural studies*, sipatipun panliten menika interpretif, amargi slaras kalihan katranganipun Norris (2003:89) ugi (Geertz, 2004:5) bilih *cultural studies* merdekaken wujud-wujud maneka warni relativitas kultural (*cultural relativity*), kadosdene ngleksanani slametan neptu ingkang dipuntiti menika.

Dhata panliten menika ngengingi upados citasi, presentasi, lan performansi

slametan neptu ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar. Dhata arupi asil observasi lan wawancara menika ingkang dados landhesan kangge nemtokaken tataran resistensi ingkang dipuntindakaken dening warga kasebat minangka praktik pragmatika kultural lan perangan performansi kultural (tandhingaken Barker (2004:142).

Sumberipun dhata panliten menika asil observasi lan wawancara kalihan narasumber ingkang kaperang dados tigang klompok, inggih menika piyantun ingkang kagungan pengalaman minangka (1) pamengku kajad, (2) pandherek, lan (3) undangan ingkang mboten rawuh wonten slametan neptu wonten tlatah Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar ingkang dipunmligekaken wonten RT 2-RW 3 Bence II awit sanes perkawis sampel purporsif, nanging karana kasuistik utawi minangka studi kasus kados katranganipun Mulyana (2010:160). RT 2-RW 3 Bence II menika pilihan ing antawisipun 38 RT, 13 RW, lan 3 lingkungan wonten Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Istrumen panliten menika panliti piyambak, awit instrumen sanesipun menungsa kirang saged nitiki lan mangertosi kanthi njlimet kangge

ngleksanani observasi lan wawancara (tandhingaken Mulyana, 2010:160) ngengingi sakathahipun bab ingkang magepokan kalihan upados citasi, presentasi, lan performansi slametan neptu ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar ingkang dados landhesan kangge nemtokaken tataran resistensi minangka praktik pragmatika kultural lan perangan performansi kultural. Minangka instrumen tunggal, panliti dipunsengkuyung kalihan piranti rekaman audhio, pulpen, lan buku cathetan.

Tata caranipun ngempalaken dhata wonten panliten menika kanthi observasi partisipan lan wawancara. Observasi dipuntujokaken kangge ngangsalaken dhata visual upados presentasi lan performansi, dene wawancara dipuntujokaken kangge ngangsalaken dhata non-visual upados citasi ingkang saged kemawon kendel wonten citasi, nanging saged dados dhasar presentasi utawi performansi slametan neptu ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Dhata panliten menika dipunkempalaken kanthi kalih cara, inggih menika kanthi cara langsung utawi kepanggih lansung narasumber

saderengipun wonten korona lan daring kanthi cara telpon lumantar *whatsapp* sesampunipun wonten korona.

Slaras kalihan teori *cultural studies*, jlentrehan dhata panliten menika kanthi metodhe interpretif (Denzin, 2003:26). Methode kasebat kaginakaken kange nyathet lan merdeni pengalaman-pengalaman warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar wonten titilaksana upacara slameten neptu saged minangka pamengku kajad, pandherek, utawi undangan ingkang mboten rawuh (tandhingaken Denzin, 2003:29, Pickering, 2008:17, lan Pink, 2008:125).

Tata caranipun nyegahaken asil jlentrehan dhata panliten menika kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Formal ngginakaken bagan, tabel, dhaftar, lan rumus kange nggambarkeren upados citasi, presentasi, lan performansi slameten neptu ingkang dipuntindakaken warga Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar. Dene, informal kanthi andharan limrah mawi basa gancar.

Tata caranipun ngertosipun tataran resistensi slameten neptu kalebet inggil, sedhengan, menapa asor, inggih menika lumantar asil rata-rata persentasi saking sedaya teknik wonten strategi. Kanthi sumber persentasi teknik inggih menika

paraga saking teknik dipunbagi gunggungipun subjek. Dene katrangan asil persentasi, inggih menika kirang saking 50% kelebet asor, langkung saking 50% kirang saking 75% kelebet sedhengan, lan langkung saking 75% ngantos 100% kelebet inggil. Kanthi mekaten saged katrangaken wonten daftar wonten ngandhap menika.

Daftar Rumus Tataran Resistensi			HASIL
TATARAN	RESISTENSI STRATEGI	TEKNIK	
ANDHAP/SEDHENGAN/INGGIL			<50% >50% <75% >75%-100%

## Asil lan Jlentrehan

### Asil Panliten

Resistensi slameten neptu dening warga RT 2-RW 3 Bence II Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar dipuntindakaken kanthi strategi citasi, presentasi, lan performansi. Saben strategi kasebat nggadhahi teknik-teknik kange ngleksanani resistensinipun.

#### a. Citasi

Jinisipun teknik citasi ingkang wonten resistensi slameten neptu wonten tiga, inggih menika afirmasi, rejksi, lan ambivalensi. Titikanipun paraga ingkang kelebet golongan afirmasi tumrap slameten neptu menika kersa rawuh menawi dipunundang, ugi berkat asil saking slameten neptu dipundhahar piyambak, sanesipun slameten neptu menika dipunanggap minangka upacara ingkang becik minangka sarana kange nyuwun marang Gusti Pangeran, ugi

mboten mlenceng saking pranatan agami ingkang dipunrasuk. Bombong manahipun menawi saged ngleksanani utawi ndherek nyengkuyung slametan neptu lan remen sanget ngandharaken paedahipun slametan neptu dhumateng tanggi tepalih menapa lare enim, kersanipun purun ngleksanani slametan neptu. Sanesipun ngandhani ugi mulangaken dhumateng putranipun piyambak kanthi caran ngutus putranipun dados wali saking paraga ingkang nyengkuyung wontenipun upacara slametan neptu. Titikanipun paraga ingkang ambivalensi, inggih menika ngertos kawontenanipun slametan neptu lan kersa rawuh menawi dipunundang, nanging berkat asil slametan neptu menika dipundadosaken pakan ayam. Paraga ingkang nampik menika nganggap slametan neptu menika salah setunggalipun bab ingkang lepat, pramila rawuh wonten slametan neptu minangka wujud sosial wonten bebrayan sanes spiritual. Sanesipun, paraga menika mboten ngleksanani slametan neptu. Dene titikanipun paraga ingkang rejeksi inggih menika, nampik kawontenanipun slametan neptu, ugi mboten kersa rawuh menawi dipunundang. Slametan neptu dipunanggap minangka salah setunggalipun cara ingkang lepat kangge nyuwun marang Gusti Pangeran.

Salajengipun, paraga ingkang nampik menika remen sanget rerasan kalih tanggi tepalih menawi ngleksanani slametan neptu menika bab ingkang syirik, supados mboten wonten ingkang ngleksanani slametan neptu. Wonten bebrayan, paraga ingkang nampik sengit kalihan paraga ingkang ngleksanani slametan neptu. Wekasnipun, putra saking paraga menika dipunwulang menawi slametan neptu menika bab ingkang syirik. Gunggungipun kulawarga wonten RT2-RW 3 Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar menika ingkang kelebet paraga afirmasi wonten 44, paraga ingkang ambivalensi wonten 6, lan paraga ingkang rejeksi wonten 20. Adhedhasar tigang jinisipun teknik paraga citasi menika wonten ingkang mboten ngertos kawontenanipun slametan neptu, inggih menika 4 paraga. Pramila mekaten, 4 paraga menika mboten kelebet jinisipun teknik wonten citasi.

### b. Presentasi

Jinisipun teknik presentasi ingkang wonten resistensi slametan neptu wonten kalih, inggih menika ajeg utawi ingkang ngekahaken tuntunan para leluhur ugi paugeran ingkang lumampah saged sinebat permanensi lan mboten ajeg utawi ingkang mboten ngukuhi tuntunan para leluhur ugi paugeran

ingkang lumampah kanthi alasan tartamtu ingkang saged sibebat preferensi. Titikanipun paraga ingkang presentasi kanthi jinis permanensi, inggih menika ngleksanani slametan neptu kanthi ajeg. Paraga menika rumaos mbetahaken lan kedah ngleksanani slametan neptu. Sanesipun ugi mangestukaken dhawuh pinisepuhipun. Menawi wonten paraga ingkang ngandharaken slametan neptu bab ingkang lepat, namung mendel kemawon mboten ngawigatosaken andharan paraga menika. Paraga menika, pitados sanget kanthi ngleksanani slametan neptu saged nglancaraken sedanten perkawis ingkang dipunadhepi. Paraga menika kathah ingkang panjang yuswanipun, jarang nemahi bilai utawi rubeda ingkang ageng sanget. Upami paraga menika mboten gadhah ragad kangge ngleksanani slametan neptu, ngupados cara supados tetep saged ngleksanani slametan neptu sinaosa kanthi cara ingkang climen. Dene titikanipun paraga ingkang presentasi kanthi preferensi, inggih menika; mboten ajeg ngleksanani slametan neptu. Paraga menika nganggap slametan neptu kedah dipunleksanani kanthi alasan tartamtu utawi manasuka. Tegesipun, minangka salah setunggalipun bab ingkang mboten wigatos sanget. Paraga menika kathah ingkang ngleksanani slametan neptu


mboten pas kalihan dinten pekenanipun. Gunggungipun paraga presentasi kanthi jinis permanensi wonten 5 lan paraga ingkang presentasi kanthi jinis preferensi wonten 39. Adhedhasar kalih jinis paraga presentasi menika, wonten paraga ingkang mboten ngleksanani slametan neptu, inggih menika wonten 30 paraga.

### c. Performansi

Jinisipun teknik performansi ingkang wonten resistensi slametan neptu wonten tiga, inggih menika mitigasi, rekognisi, lan instruksi. Titikanipun paraga performansi kanthi mitigasi inggih menika ngleksanani slametan neptu amargi nemahi bilai. Paraga menika nganggap sedanten samubarang wonten bumi menika wonten ingkang njagi utawi taksih pitados menawi wonten jin lan setan ingkang purun nganggu manungsa wonten ing papan tartamtu. Paraga menika langkung gampil mirengaken andharan ngengungi crita jinis mitos. Titikanipun paraga ingkang nyegahaken kanthi rekognisi, inggih menika ngleksanani slametan neptu kanthi manasuka. Menawi pangajab menika kabul, paraga menika ngleksanani slametan neptu malih minangka wujud raos syukur. Dene titikanipun paraga ingkang ngleksanani slametan neptu kanthi instruksi inggih menika; ngleksanani slametan neptu kanthi arahan

saking pinisepuh. Paraga menika setengah percados kalihan paedahipun ngleksanani slametan neptu. Mboten saged mbentenaken sesampunipun ngleksanani slametan neptu utawi mboten nglaksanani slametan neptu. Paraga menika namung ndherekaken piweling saking pinisepuh, amargi ajrih nemahi bilahi utawi rubeda ingkang mboten dipunpengini ingkang slaras kalih pangandikan pinisepuh. Menawi wonten mboten larasipun menapa ingkang dipunandharaken kalihan ingkang dumados, paraga menika nggugat kalih ingkang paring arahan ngleksanani slametan neptu. Gunggungipun paraga performansi kanthi jinis mitigasi utawi ngleksanani slametan neptu sebab nemahi bilahi wonten 7, rekognisi utawi manasuka wonten 35, lan jinis instruksi utawi adhedhasar arahan wonten 2. Adhedhasar tigang jinis paraga performansi, wonten 30 paraga ingkang mboten ngleksanani slametan neptu wonten RT 2-RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar.

Saking andharan wonten nginggil menika, saged dipundadosaken bagan wonten ngandhap menika.



Bagan Strategi lan Teknik Resistensi

### Jlentrehan

Adhedhasar jinisipun paraga, inggih menika 20 pamengku kajad, 30 pandherek, lan 20 undangan ingkang mboten rawuh. Kanthi princen, paraga citasi jinis afirmasi wonten 44, ambivalensi wonten 6, rejeksi wonten 20, lan ingkang mboten citasi wonten 4. Gunggungipun presentasi jinis permanensi wonten 5, preferensi wonten 39, lan ingkang mboten presentasi wonten 30. Dene performansi jinis mitigasi wonten 6, rekognisi wonten 35, instruksi wonten 2, lan ingkang mboten performansi wonten 30.

Kanthal dhasar wonten andharan wonten nginggil, persentasi strategi resistensi slametan neptu dening Warga RT 2-RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar, inggih menika jinisipun citasi

paraga afirmasi wonten 44 paraga,  $44/74 \times 100\%$  dados 59,46%. Paraga ambivalensi wonten 6,  $6/74 \times 100\%$  dados 8,11%. Dene citasinipun paraga rejeksi wonten 20,  $20/74 \times 100\%$  dados 27,03%. Sanesipun tigang jinis citasi menika, wonten 4 paraga ingkang mboten citasi,  $4/74 \times 100\%$  dados 5,40%. Jinisipun paraga presentasi ingkang permanensi wonten 5,  $5/74 \times 100\%$  dados 6,76% lan paraga preferensi wonten 39,  $39/74 \times 100\%$  dados 52,70%. Dene jinis paraga ingkang mboten presentasi wonten 30,  $30/74 \times 100\%$  dados 40,54%. Saking jinisipun performansi, paraga mitigasi winten 7,  $7/74 \times 100\%$  dados 9,46%. Rekognisi wonten 35,  $35/74 \times 100\%$  dados 47,30%, lan instruksi wonten 2,  $2/74 \times 100\%$  dados 2,70%. Dene paraga ingkang mboten performansi slametan neptu kanthi ngunggung 30,  $30/74 \times 100\%$  dados 40,54%.


Kantri katrajan persentase wonten nginggil menika dipunpadosi tataran resistensi slametan neptu, wonten daftar ngandhap menika.

TATARAN	RESISTENSI							HASIL
	Citas			Presentasi		Performansi		
	Af	Am	R	Prm	Prf	M	Rek	I
Resistensi Slametan Neptu	59,46%	8,11%	27,03%	6,76%	52,70%	9,46%	47,30%	2,70%

Katragan: Af (afirmasi), Am (ambivalensi), R (Rejeksi), Prm (permanensi), Prf (Performansi), M (mitigasi), Rek (rekognisi), I (instruksi).

Saking asil menika, tataran resistensi wonten RT 2-RW 3 Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar saged dipunwastani sedhengan.

Saking andharan wonten nginggil menika, saged dipunringkes dados bagan ing ngandhap menika.



Bagan Tataran Resistensi  
Slametan Neptu dening Warga RT 2-RW  
3 Dhusun Bence II

## Dudutan

Tataran resistensi wonten RT 2-RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar kalebet sedhengan kanthi persentase 71,17%. Saking tataran resistensi menika, slametan neptu kasil dipuntetepi wonten bebrayan. Kanthi mekaten, slametan neptu kedah langkung dipunkehaken wonten presentasi lan performansinipun, supados mboten cures wonten wekdal tembenipun. Slametan neptu bakal eksis wonten bebrayan selami migunani dhumateng paraga ingkang ngleksanani. Minangka praktik pragmatika kultural ingkang demokratis, slametan neptu mboten saged dipunsambetaken golongan agami tartamtu.

## Atur Panuwun

Agunging panuwun kaaturaken dhumateng Bapak Drs. Sugeng Adipitoyo, M. Si, Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Jawi Universitas Negeri Surabaya, lan ugi para warga RT 2-RW 3 Dhusun Bence II, Kelurahan Bence, Kecamatan Garum, Kabupaten Blitar ingkang sampun nyengkuyung. Atur puji panuwun dhumateng Gusti Pangeran, saking kuwasanipun artikel ilmiah menika saged rampung kanthi mboten wonten rubeda setunggal menapa.

## Dhaftar Kapustakan

Alexander, Jeffrey C, 2006. "Cultural Pragmatics: Social Performance Between Ritual and Strategy" wonten *Social Performance: Simbolyc Action, Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, page 1-90

Alexander, Jeffrey C, 2006. "From the depths of despair: performance, counterperformance, and "September 11" wonten *Social Performance: Simbolyc Action, Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, page 91-114

Alexander, Jeffrey C and Jason L. Mast, 2006. "Introduction: Symbolic Action, Theory, and Practice the Cultural Pragmatics of Symbolic Action" wonten *Social Performance: Simbolyc Action,*

- Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, kaca 1-28
- Apter, David E., 2006. "Politics as theatre: an alternative view of the rationalities of power" wonten *Social Performance: Simbolyc Action, Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, kaca 218-256
- Barker, Chris. 2001. *Cultural Studies and Discourse Analysis*. London: Sage Publications
- 2004. *The Sage Dictionary of Cultural Studies*. London: Sage Publications
- 2005. *Cultural Studies Theory and Practice*. London: Sage Publications
- 2006. *Cultural Studies* (Jarwan Nurhadi). Yogyakarta: Kreasi Wacana
- Birchall, Clare, 2006. "Cultural Studies and the Secret" wonten *New Cultural Studies: Adventures in Theory* (Hall, Gary and Clare Birchall). Edinburg: Edinburg University Press, kaca 293-310
- Burgett, Bruce lan Glenn Handler, 2007. "Keywords An Introduction" wonten *Keywords for American Cultural Studies* (Burgett, Bruce and Glenn Handler). New York: New York University, kaca 1-6
- Castronovo, Russ, 2007. "Aesthetics" wonten *Keywords for American Cultural Studies* (Burgett, Bruce and Glenn Handler). New York: New York University, kaca 10-12
- Denzin, Norman K. 2003. *Symbolic Interactionism and Cultural Studies: The Politics Interpretation*. Oxford: Blackwell Publishing

- During, Simon, 1999. "Introduction" wonten *The Cultural Studies Reader* (Simon During). London: Routledge, kaca 1-28
- , 2005. *Cultural Studies: a Critical Introductions*. London and New York: Routledge Taylor & Francis Groub.
- Eyerman, Ron, 2006. "Performing opposition or, how social movements move" wonten *Social Performance: Simbolyc Action, Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, kaca 193-217
- Fluck, Winfried, 1990. "Resistance! Cultural Studies and the Question of Cultural Change" wonten *REAL (Riset in English and American Literature)* Vol. 20. London: Gunter Narr Valg Tubingen, kaca 11-25
- Geertz, Clifford. 1983. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa* (Jarwan Aswan Mahasin) . Pustaka Jaya
- , 2004. *Tafsir Kebudayaan* (Jarwan Fransisco Budi Hardiman). Yogyakarta: Kanisius
- Giesen, Bernhard, 2006. "Performing the sacred: a Durkheimian perspective on the performative turn in the social sciences" wonten *Social Performance: Simbolyc Action, Cultural Pragmatics, and Ritual* (Alexander, Jeffrey C, Bernhard Giesen, and Jason L. Mast). New York: Cambridge University Press, kaca 325-327
- Koentjaraningrat. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi* (cet ke-8). Jakarta: PT Rineka Cipta
- , 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Manning, susan, 2007. "Performance" wonten *Keywords for American Cultural Studies* (Burgett, Bruce and Glenn Handler). New York: New York University, kaca 176-180
- Mcquail, Danis, 1997. "Policy Help Wanted: Willing and Able Media Culturalists Please Apply" wonten *Cultural Studies in Question* (Marjorie Ferguson lan Peter Golding). London: Sage Publications, kaca 39-55
- Mulyana, Deddy. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif: Paradigma Baru Ilmu Komunikasi dan Ilmu Sosial Lainya*. Bandung: PT Remaja Rodaskarya Offset
- Norris, Chris, 2003. "Two Cheers for Cultural Studies: A Philosopher View" wonten *Interrogating Cultural Studies: Theory, Politics, and Practice* (Bowman, Paul). London: Pluto Press, kaca 76-100
- Pickering, Michael, 2008. "Introduction" wonten *Research Method for Cultural Studies* (Pickering, Michael). Edinburgh: Edinburgh University Press, kaca 1-14
- , 2008. "Experience and the Social World" wonten *Research Method for Cultural Studies* (Pickering, Michael). Edinburgh: Edinburgh University Press, kaca 17-31
- Pink, Sarah, 2008. "Analysing Visual Experience" wonten *Research Method for Cultural Studies* (Pickering, Michael). Edinburgh: Edinburgh University Press, kaca 125-149
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa (Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.